



Pou Piblikasyon Imedya: 11/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REGENERON PRAL KREYE 1,500 DJÒB NAN SEKTÈ BYOTEKNOLOJI A NAN KAD GRAN AGRANDISMAN Y AP FÈ NAN NEW YORK LA**

***Pi Gran Konpayi Byoteknoloji nan New York la pral Envesti 800 Milyon Dola pou Agrandi Etablisman yo Genyen nan Rejyon Kapital la yo***

***Yo pral Ajoute 1,500 Nouvo Djòb sou 5,400 Djòb Regeneron Genyen Deja nan Eta New York la yo***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Regeneron, ki se yon konpayi byoteknoloji lidè ki envante ak fabrike medikaman k ap transfòme lavi moun ki souffri maladi grav yo, pral investè apeprè 800 milyon dola pandan yon peryòd sètan pou agrandi espas laboratwa li a, kapasite fabrikasyon ak enstalasyon depo ki nan kanpis konpayi a genyen nan Konte Rensselaer la epi kreye 1,500 nouvo djòb atanplèn nan zòn metwopolitèn Rejyon Kapital la. Pou yo ankouraje agrandisman Regeneron an nan Eta New York, Empire State Development te ofri konpayi a jiska 140 milyon dola nan prim ankourajman ki baze sou pèfòmans yo, ki gen ladan 70 milyon dola sou fòm kredi enpo atravè Pwogram Travay Excelsior la (Excelsior Jobs Program).

“New York fyè pou nou alatèt endistri syans lavi a epi sèvi kòm syèj pou lidè byoteknoloji global tankou Regeneron an yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kwasans Regeneron kontinye genyen isit la nan New York la se yon lòt endikasyon ankò k ap trase chemen an nan endistri syans lavi a epi atire djòb demen yo. Agrandisman Regeneron an pral plis estimile kwasans ekonomik nan Rejyon Kapital la epi alimante inovasyon ak devlopman ki ka sove lavi k ap benefik pou tout mond lan.”

Regeneron se yon konpayi byoteknoloji ki akse sou lasyans ki gen syèj prensipal li nan Tarrytown, New York ki dekouvri ak devlope medikaman inovatè pou tretman moun ki souffri maladi grav yo. Yo te tabli Regeneron kòm yon jèn konpayi byoteknoloji an 1988 nan Vil New York; epi yon ane apre, sou lidèchip Mario Cuomo ki te Gouvènè lè sa a, Empire State Development te investè 250,000 dola nan konpayi a. Nan plizyè ane, eta te reyalize yon revni 300 pousan sou investisman sa. Jodi a, Regeneron se pi gran konpayi byoteknoloji nan Eta New York epi se senkyèm pi gran konpayi byoteknoloji nan mond lan. Pandan twa dènye ane ki sot pase yo, Forbes Magazine te nonme Regeneron kòm youn nan senk konpayi ki pi inovatè pami tout endistri yo.

**Leonard S. Schleifer, M.D., Ph.D., Prezidan ak Direktè Jeneral Regeneron, te deklare,** “Yo te fonde Regeneron kòm yon konpayi byoteknoloji New York fyè depi 30 an, epi nou apresye angajman administrasyon Gouvènè Cuomo a pran pou li fè New York vin kote ideyal pou konstwi ak agrandi yon konpayi syans lavi inovatè konsa. Pandan kantite medikaman yo apwouve ak medikaman eksperimantal nou yo ap ogmante, bezwen pou nou genyen ekip fabrikasyon ak etablisman ki gen kalib mondyal yo ogmante tou. Prim ankourajman eta sa yo, ansanm ak lòt politik eta ak federal yo, te ede Regeneron kontinye agrandi operasyon nou yo nan Eta New York, sa ki pral benefik pou ekonomi lokal la epi ede nou atenn misyon nou genyen pou nou pote nouvo medikaman pou moun ki souffri maladi grav yo”.

An Jiyè 2018, Gouvènè Cuomo te anonse yon [nouvo kolaborasyon rechèch revolisyonè ant sektè piblik ak prive a pou fè vanse dyagnostik ak tretman maladi tik transmèt yo.](#) Laboratwa Wadsworth Center Depatman Sante (Department of Health) Eta New York la ak Regeneron pral kolabore pou yo potansyèlman devlope pi bon dyagnostik, medikaman pou defans kont maladi, ak terapi pou dyagnostik ak tretman maladi tik transmèt yo, kòmanse avèk maladi Lyme lan. Regeneron ak Laboratwa Wadsworth Center pral mete tèt ansanm pou fè rechèch sou ajan ki lakòz maladi Lyme nan, bakteri *Borrelia burgdorferi* a, ki miltipliye lè yon tik ki pote bakteri a mòde yon moun, ak sou kijan sistèm defans kò ot la aktive. Enfòmasyon sa yo gen posibilite fè vanse elaborasyon pi bon dyagnostik, defans kont maladi, ak nouvo terapi. Sou yon peryòd senk lane, Regeneron pral investi jiska 48 milyon dola nan rechèch sa yo epi eta a pral ranbouse 50 pousan nan kou rechèch Regeneron yo jiska yon ranbousman total 24 milyon dola nan kad Inisyativ Syans Lavi (Life Sciences Initiative) Eta New York la. Anplis de sa, Laboratwa Wadsworth Center pral resevwa jiska 6 milyon dola nan kad Inisyativ Syans Lavi a.

### **Inisyativ Syans Lavi 620 milyon dola Eta New York la**

Nan bidjè Ane Fiskal 2018 la, Eta New York te pwomilge yon inisyativ 620 milyon dola pou ankouraje devlopman yon nouvo gwoup rechèch sou syans lavi ki gen kalib mondyal nan New York, ansanm ak devlope kapasite eta a pou l komèsyalaize rechèch sa a epi devlope ekonomi an.

Inisyativ a plizyè fasèt sa a gen ladan 100 milyon dola pou agrandi Kredi Enpo Pwogram Travay Excelsior la (Excelsior Jobs Program Tax Credit) nan tout endistri syans lavi a, 100 milyon dola pou yon pwogram kredi enpo ranbousab pou rechèch ak devlopman nan syans lavi, epi 320 milyon dola sou lòt fòm investisman. Sa gen ladan sibvansyon investisman eta a pou kore devlopman laboratwa travay pratik ak espas inovasyon, soutyen operasyonèl ak kapital investisman pou konpayi syans lavi ki nan faz inisyalye yo ki rasanble omwen 100 milyon dola finansman anplis ki sòti nan sektè prive a.

Sektè Syans Lavi a anglobe domèn biyoteknoloji, famasetik, teknoloji biyomedikal, teknoloji sistèm lavi e li enkli òganizasyon ak enstitisyon ki devwa majorite efò yo nan diferan staj rechèch, devlopman, transfè teknoloji ak komèsyalizasyon. Chak jou, konpayi nan sektè sa ap devlope nouvo dekouvet medikal ak famasetik ki gen potansyèl pou sove lavi, ke se pou nouvo terapi oubyen deteksyon maladi nan premye stad tankou otis ak kansè. Konpayi sa yo fè pwogrè ki enpòtan tou nan domèn

biyoteknoloji agrikòl ak anviwònmantal, ki ede kreye yon avni ki pi pwòp e ki pi dirab.

Lè l ranfòse ensitasyon, investisman nan enstalasyon yo epi amelyore aksè a talan ak ekspètiz, New York ap ogmante aksyon ki rechèch ak devlopman sektè a finanse li yo nan fason ki enpòtan, sipòte komèsyalizasyon rechèch akademik ki egziste yo, epi akonpanye nouvell jenerasyon an nan teknoloji avanse. Anplis pwogrè nan syans, inisyativ sa ap mete New York nan pozisyon pou li vin yon leman pou antrepriz fakribasyon ki fèk parèt yo, epi konsa ranfòse ekonomi rejyonal yo epi kreye plizyè milye djòb.

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)